МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ, НАУКИ И ПО ДЕЛАМ МОЛОДЁЖИ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ

УРВАНСКИЙ МУНИЦИПАЛЬНЫЙ РАЙОН

МКОУ СОШ с.п. Нижний Черек

РАССМОТРЕНА	СОГЛАСОВАНА	УТВЕРЖДЕНА
Руководитель МО	Заместитель директора	И.о. директора
_____	_____	_____
Харунова Р.М. Протокол №1 от «28.08» 2026 г.	Кажокова З.Р. от «28.08» 2026 г.	Шекихачев А.Х. Приказ №53 от «28.08» [2026 г.

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

(ID 11804277)

учебного предмета «Родной (кабардино-черкесский) язык»

для обучающихся 10-11 классов

С.п. Нижний Черек 2026 год

Зыубзыху тхыгъэ

10-нэ классым зэрыщылажьэ программэр зэхэлъхьащ илъабжьэмк1э къыщыгъэлъэгъуа документхэм, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ япкъ иткIэ:

1. Закон КБР ««Об образовании» №4-РЗ от 22.07.1994 г

2.Приказ МОН КБР №916 от 30.07.2012 года «Об утверждении республиканского базисного учебного плана общеобразовательных учреждений Кабардино-Балкарской Республики на 2012-2013 учебный год»

3.САНПиН 2.4.2 № 2821-10, зарегистрированных в Минюсте России 3 марта 2011 года №19993:

4.Учебный план МКОУ СОШ с.п Н .Черек на 2026- 2027 учебный год,

5.Положения о рабочей программе МКОУ СОШ с п Нижний Черек

6. Регионального перечня учебников; утвержденных, рекомендованных к использованию в образовательном процессе в образовательных учреждениях, реализующих программы общего образования на 2025-2026 учебный год

7.Примерная программа по родному (кабардино-черкескому) языку для 10-11 классов, Унатлоков В.Х.,Шогенова А.Т., Нальчик, 2025г.

Епщык1узанэ классым и зэрылажьэ программэр зыуэ зэхэт 1ыхьищ мэхъу:

1. Зыубзыху тхыгъэ.
2. Езым зэхэслъхьэжа зэрылажьэ программэ, мыхэр хэту:
   - Календарно-тематическэ план
   - Сыхьэт бжыгъэ иритыр
   - Епщык1узанэ классым щеджэ еджак1уэхэм адыгэбзэмк1э ягъэзэщ1апхъэ лэжьыгъэхэр, я зэф1эк1хэр, щ1эныгъэр егъэф1эк1уэнымк1э ахэр зыхуэунэт1ахэр (компетенцэ елъытауэ)
   - Щ1эныгъэм и ф1агъыр къэзыгъэлъагъуэ унэт1ыныгъэхэр:
     - предметымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (предметные компетенции)
     - гъащ1эм, ц1ыхухэм яхэтынымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (социальные компетенции)
     - культурэ куэдым хэзэгъэнымк1э, ар зыхащ1энымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (поликультурные компетенции)
     - информацэ зэхуэхьэсыным, абы и къэгъэсэбэпык1эм ехьэл1ауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (информационные компетенции)
     - гъэсэныгъэ елъытауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (общекультурные компетенции).

   - Программэмрэ зэреджэну тхылъхэмрэ.
   - Еджак1уэхэм я щ1эныгъэр къызэрыпщытапхъэ л1эужьыгъуэхэр.

10-нэ классым адыгэбзэмкIэ и программэм къызэщIиубыдэр сыхьэт 68-щ. Ар и купщIэкIэ зытещIыхьар XI классым щIэс, балигъыпIэ иувэ ныбжьыщIэм адыгэбзэм и зэхэлъыкIэм ехьэлIа

щIэныгъэ хьэзыр епт къудейкIэ зэфIэмыкIыу, материалым езы еджакIуэр кууэ игъэгупсысэу, и гукъэкIыр тэмэму и псэлъэгъум и деж нихьэсыфу, абы щыгъуэми нихьэс къудейкIэ зэфIэмыкIыу, а и псэлъэгъуэр и зэхэщIыкIкIэ, гупсысэкIэкIэ, бгъэдэлъ щIэныгъэкIэ зыхиубыдэ общественнэ гупым елъытауэ, уеблэмэ и гупсысэр къыщиIуатэкIэ зыхэхуа цIыху гупым, Iуэху щытыкIэм (ситуацие жыхуэтIэм, псалъэм папщIэ, гуфIэгъуэм, гузэвэгъуэм, хъуэхъу Iэнэм, утыку псэлъапIэм щитым деж, доклад щищIым, н.къ.) къигъэсэбэпыпхъэ псалъэхэмрэ псэлъэкIэмрэ зэхэхауэ зэхигъэкIыфу егъэсэн зэрыхуейрщ.

ЕджакIуэм зэхищIыкIын хуейщ бзэр лъэпкъым къыдалъхуауэ, ар зыIурылъ зэлъэпкъэгъухэм (зы унагъуэ исхэм, зы жылагъуэ дэсхэм, уеблэмэ зы хэку ис адыгэхэм) я гурылъхэр, гурыгъу-гурыщIэхэр ирызэхуаIуэтэф къудейкIэ зэфIэмы кIыу, бзэм и пщэ нэгъуэщI къалэнышхуэхэри къызэрыдэхуэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, ар, къэралыбзэ къалэн игъэзащIэу, лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зэрызэгурыIуэ Iэмэпсымэу щытыныр, лъэпкъым и тхыдэр, и хабзэ зехьэкIэр, и гупсысэкIэр, и жагъуэмрэ и щIасэмрэ, и нэщэнэхэр, нэхъ убгъуауэ жыпIэнумэ, и философиер къыхэщыныр.

Абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, X классым адыгэбзэмкIэ и программэр еджакIуэм и акъылым, гупсысэкIэм, зэхэщIыкIым зиузэщIын папщIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iуэхугъуищу зэхэгъэуващ:

1. ПсэлъэкIэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ягъуэтын хуей щIэныгъэр.

2. БзэщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъхьапхъэхэр.

3. Лъэпкъым и хабзэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр бзэ и лъэныкъуэкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъум ехьэлIауэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъыпхъэ щIэныгъэр.

ПсэлъэкIэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ягъуэтын хуей щIэныгъэр

Бзэр цIыхум и гупсысэр къызэриIуатэ Iэмал нэхъыщхьэу зэрыщытыр. ГъащIэм зыщрихьэлIэ Iуэхугъуэхэм елъытауэ цIыхум и псэлъэкIэр зэрызэщхьэщыкIыр: IуэхущIапIэм, зэхыхьэ зэхуэмыдэхэм щекIуэкI псэлъэкIэр, утыку псэлъэкIэр, цIыхур зыхэхуэ гупым ныбжькIэ зэщхьэщыхауэ хэтхэм зэрепсэлъапхъэ щIыкIэхэр.

Бзэм и стилхэр: щIэныгъэ (научнэ), Iуэху зэрызэрахьэ (официальноделовой), публицистическэ стилхэр. Абыхэм ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

ЖьэрыIуатэбзэмрэ художественнэ литературэм и бзэмрэ.

ЩIэныгъэ (научнэ) стилыр зищIысыр, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр. ЩIэныгъэ стилым тету ятх хабзэ лэжьыгъэхэр: докладыр, статьяр, тезисхэр, конспектыр, рефератыр, аннотацэр, н.

Iуэху зэрызэрахьэ (официально-деловой) стилыр зищIысыр, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр. Iуэху зэрызэрахьэ стилым и пщалъэм иту ягъэхьэзыр тхыгъэхэр: лъэIу тхылъ (заявление), распискэ, резюме, хъыбарегъащIэ, н.

Публицистическэ стилыр зищIысыр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр. Публицистическэ стилым и жанр нэхъыщхьэхэр.

Утыку псэлъэкIэм и нэщэнэхэр, абы зэрызыхуагъэхьэзыр Iэмал нэхъыщхьэхэр: къэпсэлъыныгъэм и мурадыр, псалъэмакъыр зэрыухуэн хуей щIыкIэр, зытепсэлъыхьыпхъэ Iуэхугъуэхэм я къызэгъэпэщыкIэр. Псалъэр зыхуэгъэзахэм я лъэпкъ (национальность), зэхэщIыкI, я IэщIагъэ, щIэныгъэ елъытакIэ къэпсэлъэныгъэр зэрыухуапхъэр.

ЖьэрыIуатэбзэр зищIысыр, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр.

Iэпэтэрмэш зэпсэлъэкIэр. ЦIыхум и псэлъэкIэр нэхъ гъэдэхэн, егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ лэжьыпхъэхэр.

ЖьэрыIуатэбзэмрэ тхыбзэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр, абыхэм щыщу дэтхэнэми бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

Псалъэгъум къиIуатэм Iэдэбу, нэмыс пхэлъу зэредэIуапхъэр.

Жанр зэхуэмыдэхэм тету тха текстхэм я елэжьыкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Адыгэбзэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыным ехьэлIа щхьэхуэныгъэхэр.

БзэщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъхьапхъэхэр

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэр зыхиубыдэ бзэ лъэпкъхэр. Бзэм и къэкIуэкIэ нэхъыщхьэхэр: литературэбзэр, къызэрыгуэкI псэлъэкIэр, IэщIагъэм епха псалъэхэр, псэлъафэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Литературэбзэмрэ художественнэ тхыгъэхэм я бзэмрэ.

ПсэлъэкIэм и щэн нэхъыщхьэхэр: цIыхур зыхэхуэ гуп елъытауэ жыIэпхъэхэмрэ бзэщIэныгъэхэмрэ. Псалъэр жызыIэм и гупсысэр тэмэму, нахуэу, зэкIэлъыкIуэу, гъэхуауэ, гъэщIэгъуэну къызэрыIуэтапхъэр.

Орфоэпие (къэпсэлъыкIэ) и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэм щызекIуэ хабзэхэр: псалъэпкъыр пычыгъуэ зэIухакIэ е зэхуэщIакIэ иухмэ, ударенэр зытехуэ пычыгъуэр; макъ дэкIуашэ жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ зэбгъэдэту зыхэт псалъэхэм, нэгъуэщIыбзэм щыщу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэм, определенэрэ абы игъэбелджылы псалъэрэ зыхэт псалъэ зэпхахэм я къэпсэлъыкIэр.

Лексикэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъхьэпхъэ щIэныгъэр. Псалъэухам хэт дэтхэнэ псалъэми къикI мыхьэнэ и лъэныкъуэкIэ тэмэму къыхэхауэ къэгъэсэбэпыныр гупсысэр узэщIауэ къэIуэтэным и шэсыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Стилистикэ и лъэныкъуэкIэ псалъэухар гъэхуауэ къызэгъэпэщын папщIэ синоним зэхуэхъу псалъэхэм щыщу гупсысэр нэхъ купщIафIэу къэзыIуэтэф псалъэхэр къыхэхыныр. Псалъэжьхэм, псалъэ шэрыуэхэм жьэрыIуатэбзэмрэ тхыбзэрэ щагъуэтыпхъэ къэгъэсэбэпыкIэр.

Грамматикэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэплъхьэ щIэныгъэр.

ЕкIуныгъэ, зегъэкIуныгъэ зэпхыкIэхэр зи яку дэлъ псалъэ зэпхахэр тэмэму зэрызэхэгъэувапхъэр. Послелог зи гъусэ псалъэхэм, псалъэ зэпхахэм я къэкIуэкIэ тэмэмыр.

Псалъэухам хэт псалъэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр. ЗэкIэлъыкIуэкIэ къызэрыгуэкI (прямой) зиIэ псалъэхэр зыхэт псалъэухахэмрэ зэкIэлъыкIуэкIэ зэблэгъэувыкIа (инверсивнэ) зиIэ псалъэухахэмрэ я ухуэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Инверсиер зищIысыр, нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпыр, къэгъэсэбэпын хуей щIэхъу щхьэусыгъуэхэр. Сказуемэмрэ подлежащэмрэ, сказуемэмрэ дополнениемрэ яку дэлъ синтаксическэ зэпхыкIэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Пкъыгъуэ пыщхьэхукIа зыхэт псалъэуха къызэрыкIуэ гъэгугъуахэмрэ псалъэуха гуэдзэ зыхэт псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэмрэ я ухуэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Псалъэуха гуэдзэмрэ причастнэ оборотымрэ синоним зэхуэхъуу бзэм къызэрыщыкIуэр.

Орфографие и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъын хуей щIэныгъэр. Адыгэбзэм и орфографиер зытет принцип нэхъыщхьэхэр (морфологическэ, фонетическэ, условнэ, н.) псалъэ зэпхам хэт псалъэхэр зэпыту//зэпыхауэ тхыным и Iуэхур. ХьэрфышхуэкIэ кърагъажьэ псалъэхэр, псалъэухахэр, ар зэлъытар. Псалъэхэм я ехьэкIыкIэр. Макъ дэкIуашэ пIытауэ тIу зэбгъэдэту узрихьэлIэ псалъэхэм я тхыкIэр. Макъ дэкIуашэ **у**-м и ужькIэ, префикс **р**-м и пэкIэ макъзешэ **ы** тхын//мыхыным и IуэхукIэ.

Пунктуацэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъыпхъэ щIэныгъэр. Адыгэбзэм и пунктуацэм къызэщIиубыдэ хабзэ нэхъыщхьэхэр. Псалъэухам и кIэм ягъэув нагъыщэхэр. Псалъэуха гъэгугъуам и кIуэцIкIэ щагъэув нагъыщэхэр. Псалъэуха зэхэлъым и кIуэцIкIэ щагъэув нагъыщэхэр. Псалъэ занщIэ зыхэт псалъэухам и кIуэцIкIэ щагъэув нагъыщэхэр. Абзацыр зищIысыр, къыщагъэсэбэпыр.

Адыгэ псалъалъэхэм я лIэужьыгъуэхэр: орфографическэ, этимологическэ, толковэ, фразеологическэ псалъалъэхэр, урыс-адыгэ, адыгэ-урыс псалъалъэхэр. Абыхэм ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр, ахэр къыщагъэсэбэп, къызэрагъэсэбэп щIыкIэхэр.

Лъэпкъым и хабзэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр бзэ и лъэныкъуэкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъум ехьэлIауэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъыпхъэ щIэныгъэр

Бзэр зыIурылъ лъэпкъым и дуней тетыкIэр, дуней еплъыкIэр, и гупсысэкIэр, къыдэгъуэгурыкIуэ лъэпкъ хабзэр и бзэм къызэрыхэщыр. Адыгэ унагъуэм, адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI хьэпшыпхэмрэ зэрихьэ Iуэхухэмрэ къэзыгъэлъагъуэ (къызэрыкI) псалъэхэр. Зэгуэрым лъэпкъым къигъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр къызэрыкI псалъэхэр (историзмхэр).

IуэрыIуатэм и бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Адыгэбзэм и фразеологиер. Адыгэ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ. АдыгэцIэхэмрэ адыгэ унэцIэхэмрэ.

Адыгэхэм Iуэху зыхуаIэу щыта е щыт нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэр, ахэр адыгэхэм къагъэсэбэпын хуей щIэхъуар. Адыгэбзэм щыщу нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэм хыхьа псалъэхэр. Адыгэхэм я гъунэгъу лъэпкъхэм я хабзэхэр, дуней тетыкIэр, гупсысэкIэр адыгэбзэм къызэрыхэщыр.

Адыгэбзэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыбзэхэм ящыщ зыщ. Ар еджак1уэм нэсу зэрищ1эм, и бзэм, гъащ1эм къызэрыщигъэсэбэпыфым куэдк1э елъытащ псынщ1эурэ зызыхъуэж гъащ1эм щигъуэтыну ехъул1эныгъэхэр. Абы и лъэныкъуэк1э инщ адыгэбзэр егъэджыным и мыхьэнэр.

Еджак1уэм дуней псор зэрилъагъур, зэрызыхищ1эр къыдалъхуа и анэбзэрщ. Апхуэдэу щыщытк1э, а бзэм и щэху нэхъыбэ ищ1эхук1э, и акъылми, гупсысэми зеужь.

Епщык1узанэ классым адыгэбзэр щегъэджыным къалэну къегъэув:

- къабзэу псэлъэнымк1э, тхэнымк1э, гъэхуауэ къеджэнымк1э я1э зэф1эк1хэмрэ есэныгъэхэмрэ хэгъэхъуэныр;
- Псалъэм и къарур зыхащ1эу, дэтхэнэ зы псалъэри къыхахыфрэ къагъэсэбэпыфу гъэсэныр;
- Иджырей бзэщ1эныгъэм щыщу гуры1уэныгъэ еянэ классым ехьэл1ахэр, абы ипэк1э яджахэр кууэ егъэщ1эныр, бзэм гъащ1эм щи1э мыхьэнэшхуэм, бзэм и зыужьык1эм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм щыгъэгъуэзэныр.
- Я логическэ гупсысэк1эм зегъэужьыныр:
- Бзэр къулеягъэ ину зэрыщытыр, ар лъэпкъым и псэу, и дунейуэ зэрыщытыр зыхегъэщ1эныр;
- Ц1ыхугъэм, гущ1эгъулыныгъэм хуэгъэзэн, нэгъуэщ1 лъэпкъ культурэхэм, динхэм шы1эныгъэрэ зыхэщ1ык1рэ хуа1эу гъэсэныр
- Иджыпсту щы1э информационнэ къулеягъым хэплъэфу, зыхуейр хуэ1эзэу къагъэсэбэпыфу егъэсэныр.

Адыгэбзэр егъэджыныр къызэгъэпэщыпхъэщ компетентностнэ (лъэк1ыныгъэхэм зезыгъэужь) бгъэдыхьэк1эм тету. Абы тещ1ыхьауэ еянэ классым зыщаужь:

- коммуникативнэ (зэрызэгуры1уэ, зэрызэпыщ1а) компетенцэхэм,
- лингвистическэ (бзэщ1эныгъэ) компетенцэхэм,
- культуроведческэ компетенцэхэм.

Епщык1узанэ классым щадж темэхэм къыдэк1уэу еджак1уэхэм академическэ грамматикэм и 1ыхьэ куэдыр нэхъ кууэ ядж, абы къыхэк1ыу 1эмал имы1эу езыр-езыру ялэжьхэр, творческэ проектхэр, бзэм теухуа къэхутэныгъэхэр нэхъыбэу хэгъэхьапхъэщ.

Зэреджэну тхылъыр – Унэл1окъуэ В.Хь, Щоджэн А.Т., «Адыгэ тхыбзэ»,10-11 кл.,Налшык, «Эльбрус» 2025 гъ.

Апхуэдэу къагъэсэбэпыпхъэщ Джаурджий Хь.З. и «Орфографиемрэ пунктуацэмк1э лэжьыгъэхэр»

Егъэджак1уэм къигъэсэбэп методическэ лэжьыгъэхэр:

1. Балэ Л.Ф. Изложенэхэмрэ сочиненэхэмрэ. 5-11 кл. Налшык «Эльбрус», 2008.
2. Джаурджий Хь.З.,Дзасэжь Хь.Е. Адыгэбзэ,1-2 1ыхьэхэр, Налшык,1992.
3. Урыс Хь.Щ., Зэхъуэхъу Я.Хь. «Адыгэбзэ пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувык1эмрэ я хабзэхэр». Налшык «Эльбрус», 2005.
4. Бэрбэч Б.Ч., Бищ1о Б.Ч., 1ут1ыж Б.Къу. «Адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэ». Налшык «Эльбрус», 2001.
5. Джаурджий Хь.З. «Адыгэбзэ орфографием зэрыхурагъаджэ методикэ».
6. Джаурджий Хь.З., К1эрэф М.Ж. «Синтаксисымрэ пунктуацэмк1э лэжьыгъэхэр». Налшык «Эльбрус», 1975

Джаурджий Хь.З. «Адыгэбзэ пэжырытхэмк1э лэжьыгъэхэр». Налшык «Эльбрус», 1998гъ.

Календарно-тематическое планирование
уроков родного (кабардино-черкесского) языка в 10 классе

Всего часов: 34 ч

В неделю: 2 ч

Плановых контрольных работ:

Диктантов: 3 (6 час.)

Изложений: 3 (6час.)

Автор учебника: Унатлоков В.Х., Шогенова А.Т., Нальчик, «Эльбрус», 2011г.

№	Разделыр	Яджыну темэхэр	Сыхьэт бжыгъэр	Щаджыну зэманыр	Щаджа зэманыр
1		Бзэм и мыхьэнэр.Адыгэбзэм и къулеягъыр.	**1**		
2		Бзэр зызыхъуэж,зызыужь къэхъугъэщ	**1**		
3-5		Бзэщ1эныгъэм и 1ыхьэхэр	**3**		
6-7		Бзит1ырыпсалъэмк1э гуры1уэгъуэ	**2**		
8-9		Литературэбзэмк1э гуры1уэгъуэ	**2**		
10-12		Диалектологие.Адыгэбзэм и диалектхэр	**3**		
13-14		Адыгэбзэм и говорхэр	**2**		
15		Литературэбзэмрэ диалектологиемрэ къызыщ1эзыкъуэж урок	**1**		
16-17	**Лексикологие**	Зы мыхьэнэ,мыхьэнэ куэд куэд зи1э псалъэхэр Синонимхэр.Антонимхэр	**2**		
18-19		Омонимхэр.Паронимхэр	**2**		
20		Адыгэбзэм езым еиж псалъэхэр	**1**		
21-22		Нэгъуэщ1ыбзэхэм щыщу адыгэбзэм къищта псалъэхэр	**2**		
23-24		**Къызэрапщытэ диктант Щыуагъэхэм елэжьыжын**	**2**		
25-26		Жьы хъуа псалъэхэр. Псалъэщ1эхэр	**2**		
27-28		Псоми къагъэсэбэп псалъэхэр	**2**		
29-30		1эщ1агъэм епха псалъэхэр	**2**		
31-32		Лъэпкъ дауэдапщэхэр	**2**		
33	Фразеологие	Фразеологизмхэр,абыхэм я къэгъэсэбэпык1эр	1		
34		Псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр	**2**		

- 35					
36 - 37		**Изложенэм хуэзыхьэзыр урок** **Изложенэ тхын**	**2**		
38 - 39		Лексикографием и мыхьэнэр. Псалъалъэ л1эужьыгъуэхэр	**2**		
40		Еджак1уэхэм папщ1э псалъалъэхэр.	**1**		
41		Зэзыдзэк1 псалъэхэр	**1**		
42		**Къызэрапщытэ диктант**	**1**		
43	Фонетикэ.Гра-фикэ	Фонетикэмрэ графикэмрэ	**1**		
44 - 45		Адыгэ тхыбзэм и щ1эдзап1э	**2**		
46 - 48		Макъзешэхэр	**3**		
49 - 50		Макъ дэк1уашэхэр	**2**		
51		**Изложенэм хуэзыгъэхьэзыр урок**	**1**		
52		**Изложенэ, сочиненэ щытык1э и1эу (зэджа тхыгъэхэм къыхэхын)**	**1**		
53 - 54		Пычыгъуэр	**2**		
55 - 56		Ударенэр	**2**		
57 - 59		Орфографиер,абы и принцип нэхъыщхьэхэр	**3**		
60		Орфоэпиер	**1**		
61		Орфографиемрэ орфоэпиемрэ къызыщ1эзыкъуэж урок	**1**		
62		Орфографиемрэ орфоэпиемрэ къызыщ1эзыкъуэж урок	**1**		
63		**Изложенэм хуэгъэхьэзырын**	**1**		
64		**Изложенэ тхын**	**1**		
65		Псалъэжьхэм я мыхьэнэр зэпкърыхын	**1**		
66		**Къызэрапщытэ диктант**	**1**		
67		Щыуагъэхэм елэжьыжын	**1**		
68		Гъэ псом яджар къэпщытэжын	**1**		

Епщ1анэ классым щеджэ еджак1уэм оценкэ зэрыхуагъэув щ1ык1эхэр:
Жьэры1уатэ жэуапхэм:

Грамматикэмк1э жьэры1уатэу къат жэуапым хуагъэув оценкэр

«**5**» ягъэув, еджак1уэм къызыхуэтыншэу ик1и тэмэму темэр къызэпкърихыфмэ, абы теухуауэ щапхъэ къыхуэхьмэ, езыр-езыру грамматическэ зэпкърыхыныгъэ иригъэк1уэк1ыфмэ, жи1эну зыхуейр бзэ гуры1уэгъуэк1э, дахэк1э къыхуэ1уатэмэ.

«**4**» ягъэув, темэр тэмэму къыгуры1уамэ, ауэ жэуапым е къызэри1уатэ бзэм щыуагъэ мащ1э дыдэ хэту щытмэ, а щыуагъэхэри жра1эжа нэужь, езым къыхигъэк1ыжыфу, зэригъэзэхуэжыфу щытмэ.

«**3**» ягъэув, темэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр зэрищ1эр и жэуапым хэплъагъуэмэ, зыгъэгъуазэ упщ1эхэмк1э и щыуагъэхэр хузэгъэзэхуэжыфмэ.

«**2**» ягъэув, грамматическэ материалым и нэхъыбэр имыщ1эмэ, зыгъэгъуазэ упщ1эхэмк1э жэуапыр къыхуэмыгъуэтмэ.

«**1**» ягъэув, къапщытэж материалым зыри хэзмыщ1ык1 ик1и къызыгурымы1уэ еджак1уэм.

Тхыгъэ лэжьыгъэхэм

Изложенэхэм, сочиненэхэм хуагъэув оценкэхэр

Изложенэм и текстыр 11 классым (ику иту къапщтэмэ), - псалъэ 400-450 хъууэ къыхах.
11 классым ятх сочиненэм и инагъыр тетрадь напэк1уэц1- 5,0-6,0 хъун хуейщ.
Сочиненэхэмрэ изложенэхэмк1эрэ къапщытэ:
1) темэр къызэрызэк1уэц1ихыфымрэ абы щхьэк1э бзэм и къулеягъыр къызэригъэсэбэпыфымрэ;
2) грамматикэм и нормэхэмрэ пэжырытхэм и хабзэмрэ 1эзэу зэрищ1эр.

Диктантхэм хуагъэув оценкэр

Диктантым и текстыр еджак1уэхэм я дежк1э зэхэщ1ык1ыгъуэу, литературэбзэ тэмэмк1э тхауэ щытын хуейщ.

«**5**» ягъэув, орфографическэ щыуагъэ е пунктуационнэ щыуагъэ 1 ф1эк1 хэмытмэ.

«**4**» ягъэув, орфографическэ щыуагъэу 2-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 2-рэ е орфографическэ щыуагъэу 1-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 3-рэ, е орфографическэ щыуагъэу 3 хэтмэ, ахэр зы л1эужьыгъуэу щытмэ.

«**3**» ягъэув, орфографическэ щыуагъэу 4-рэ пунктуационнэу 4-рэ, е орфографическэу 3-рэ пунктуационнэу 5 хэтмэ, е орфографическэ зыри хэмыту пунктуационнэу 7 хэтмэ, е орфографическэу 5-рэ пунктуационнэу 4-рэ хэтмэ.

«**2**» ягъэув, орфографическэ щыуагъэр 7-м, пунктуационнэ щыуагъэр 7-м ф1эк1мэ е орфографическэу 6-рэ пунктуационнэу 8-рэ, орфографическэу 5-рэ пунктуационнэу 9-рэ , орфографическэу 8-рэ п пунктуационнэу 6-рэ хэтмэ.

«**1**» ягъэув «**2**»-м папщ1э къэгъэлъэгъуа бжыгъэм щ1игъуу щыуагъэхэр зыхэт диктантым.

Грамматическэ лэжьыгъэ зыщ1ыгъу диктантым оценкэу т1у ягъэув, зыр текстым, адрейр лэжьыгъэм папщ1э. Грамматическэ лэжьыгъэм оценкэ щыхуагъэувк1э мыбы ирогъуазэ:

«**5**» ягъэув, еджак1уэм лэжьыгъэ псори тэмэму игъэзащ1эмэ;

«**4**» ягъэув, лэжьыгъэм и 1ыхьэпл1анищым нэхърэ мынэхъ иащ1эр пэжу игъэзэщ1амэ;

«**3**» ягъэув, лэжьыгъэм и 1ыхьэ ныкъуэм нэхърэ мынэхъ мащ1эр пэжу игъэзэщ1амэ;

«**2**» ягъэув, лэжьыгъэм и нэхъыбэр пэжу имыгъэзэщ1амэ;

«**1**» ягъэув, зы лэжыгъи имыгъзэщ1амэ.

Календарно-тематическое планирование

уроков родного (кабардино-черкесского) языка в 11 классе

Всего часов: 68ч В

неделю: 2ч

Плановых контрольных работ:

Диктантов: 4 (час.)

Сочинений:1(2часа)

Изложений: 2 (4часа)

Автор учебника:

Унатлоков В.Х.,Шогенова А.Т., Нальчик, «Эльбрус», 2008 г.

Зыубзыху тхыгъэ

11-нэ классым зэрыщылажьэ программэр зэхэлъхьащ илъабжьэмк1э къыщыгъэлъэгъуа документхэм, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ япкъ итк1э:

1. Закон КБР ««Об образовании» №4-РЗ от 22.07.1994 г
2. Приказ МОН КБР №916 от 30.07.2012 года «Об утверждении республиканского базисного учебного плана общеобразовательных учреждений Кабардино-Балкарской Республики на 2012-2013 учебный год»
3. САНПиН 2.4.2 № 2821-10, зарегистрированных в Минюсте России 3 марта 2011 года №19993:
4. Учебный план МКОУ СОШ с.п Н .Черек на 2026- 2027 учебный год,
5. Положения о рабочей программе МКОУ СОШ с п Нижний Черек
6. Регионального перечня учебников, утвержденных, рекомендованных к использованию в образовательном процессе в образовательных учреждениях, реализующих программы общего образования на 2025-2026 учебный год
7. Примерная программа по кабардино-черкескому языку и литературе для 10-11 классов Унатлоков В.Х.,Шогенова А.Т., Нальчик, 2025г.

Епщык1узанэ классым и зэрылажьэ программэр зыуэ зэхэт 1ыхьищ мэхъу:

1. Зыубзыху тхыгъэ.
2. Езым зэхэслъхьэжа зэрылажьэ программэ, мыхэр хэту:
   - Календарно-тематическэ план
   - Сыхьэт бжыгъэ иритыр
   - Епщык1узанэ классым щеджэ еджак1уэхэм адыгэбзэмк1э ягъэзэщ1апхъэ лэжьыгъэхэр, я зэф1эк1хэр, щ1эныгъэр егъэф1эк1уэнымк1э ахэр зыхуэунэт1ахэр (компетенцэ елъытауэ)
   - Щ1эныгъэм и ф1агъыр къэзыгъэлъагъуэ унэт1ыныгъэхэр:
     - предметымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (предметные компетенции)
     - гъащ1эм, ц1ыхухэм яхэтынымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (социальные компетенции)
     - культурэ куэдым хэзэгъэнымк1э, ар зыхащ1энымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (поликультурные компетенции)
     - информацэ зэхуэхьэсыным, абы и къэгъэсэбэпык1эм ехьэл1ауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (информационные компетенции)
- гъэсэныгъэ елъытауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (общекультурные компетенции).

   - Программэмрэ зэреджэну тхылъхэмрэ.
   - Еджак1уэхэм я щ1эныгъэр къызэрыпщытапхъэ л1эужьыгъуэхэр.

11-нэ классым адыгэбзэмкIэ и программэм къызэщIиубыдэр сыхьэт 68-щ. Ар и купщIэкIэ зытещIыхьар XI классым щIэс, балигъыпIэ иувэ ныбжьыщIэм адыгэбзэм и зэхэлъыкIэм ехьэлIа щIэныгъэ хьэзыр епт къудейкIэ зэфIэмыкIыу, материалым езы еджакIуэр кууэ игъэгупсысэу, и гукъэкIыр тэмэму и псэлъэгъум и деж нихьэсыфу, абы щыгъуэми нихьэс къудейкIэ зэфIэмыкIыу, а и псэлъэгъуэр и зэхэщIыкIкIэ, гупсысэкIэкIэ, бгъэдэлъ щIэныгъэкIэ зыхиубыдэ общественнэ гупым елъытауэ, уеблэмэ и гупсысэр къыщиIуатэкIэ зыхэхуа цIыху гупым, Iуэху щытыкIэм (ситуацие жыхуэтIэм, псалъэм папщIэ, гуфIэгъуэм, гузэвэгъуэм, хъуэхъу Iэнэм, утыку псэлъапIэм щитым деж, доклад щищIым, н.къ.) къигъэсэбэпыпхъэ псалъэхэмрэ псэлъэкIэмрэ зэхэхауэ зэхигъэкIыфу егъэсэн зэрыхуейрщ.

ЕджакIуэм зэхищIыкIын хуейщ бзэр лъэпкъым къыдалъхууэ, ар зыIурылъ зэлъэпкъэгъухэм (зы унагъуэ исхэм, зы жылагъуэ дэсхэм, уеблэмэ зы хэку ис адыгэхэм) я гурылъхэр, гурыгъу-гурыщIэхэр ирызэхуаIуэтэф къудейкIэ зэфIэмы кIыу, бзэм и пщэ нэгъуэщI къалэнышхуэхэри къызэрыдэхуэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, ар, къэралыбзэ къалэн игъэзащIэу, лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зэрызэгурыIуэ Iэмэпсымэу щытыныр, лъэпкъым и тхыдэр, и хабзэ зехьэкIэр, и гупсысэкIэр, и жагъуэмрэ и щIасэмрэ, и нэщэнэхэр, нэхъ убгъуауэ жыпIэнумэ, и философиер къыхэщыныр.

Абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, XI классым адыгэбзэмкIэ и программэр еджакIуэм и акъылым, гупсысэкIэм, зэхэщIыкIым зиузэщIын папщIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iуэхугъуищу зэхэгъэуващ:

1. ПсэлъэкIэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ягъуэтын хуей щIэныгъэр.
2. БзэщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъхьапхъэхэр.
3. Лъэпкъым и хабзэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр бзэ и лъэныкъуэкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъум ехьэлIауэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъыпхъэ щIэныгъэр.

ПсэлъэкIэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ягъуэтын хуей щIэныгъэр

Бзэр цIыхум и гупсысэр къызэриIуатэ Iэмал нэхъыщхьэу зэрыщытыр. ГъащIэм зыщрихьэлIэ Iуэхугъуэхэм елъытауэ цIыхум и псэлъэкIэр зэрызэщхьэщыкIыр: IуэхущIапIэм, зэхыхьэ зэхуэмыдэхэм щекIуэкI псэлъэкIэр, утыку псэлъэкIэр, цIыхур зыхэхуэ гупым ныбжькIэ зэщхьэщыхауэ хэтхэм зэрепсэлъапхъэ щIыкIэхэр.

Бзэм и стилхэр: щIэныгъэ (научнэ), Iуэху зэрызэрахьэ (официальноделовой), публицистическэ стилхэр. Абыхэм ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

ЖьэрыIуатэбзэмрэ художественнэ литературэм и бзэмрэ.

ЩIэныгъэ (научнэ) стилыр зищIысыр, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр. ЩIэныгъэ стилым тету ятх хабзэ лэжьыгъэхэр: докладыр, статьяр, тезисхэр, конспектыр, рефератыр, аннотацэр, н.

Iуэху зэрызэрахьэ (официально-деловой) стилыр зищIысыр, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр. Iуэху зэрызэрахьэ стилым и пщалъэм иту ягъэхьэзыр тхыгъэхэр: лъэIу тхылъ (заявление), распискэ, резюме, хъыбарегъащIэ, н.

Публицистическэ стилыр зищIысыр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр. Публицистическэ стилым и жанр нэхъыщхьэхэр.

Утыку псэлъэкIэм и нэщэнэхэр, абы зэрызыхуагъэхьэзыр Iэмал нэхъыщхьэхэр: къэпсэлъыныгъэм и мурадыр, псалъэмакъыр зэрыухуэн хуей щIыкIэр, зытепсэлъыхьыпхъэ Iуэхугъуэхэм я къызэгъэпэщыкIэр. Псалъэр зыхуэгъэзахэм я лъэпкъ (национальность), зэхэщIыкI, я IэщIагъэ, щIэныгъэ елъытакIэ къэпсэлъэныгъэр зэрыухуапхъэр.

ЖьэрыIуатэбзэр зищIысыр, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр.

Iэпэтэрмэш зэпсэлъэкIэр. ЦIыхум и псэлъэкIэр нэхъ гъэдэхэн, егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ лэжьыпхъэхэр.

ЖьэрыIуатэбзэмрэ тхыбзэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр, абыхэм щыщу дэтхэнэми бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

Псалъэгъум къиIуатэм Iэдэбу, нэмыс пхэлъу зэредэIуапхъэр.

Жанр зэхуэмыдэхэм тету тха текстхэм я елэжьыкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

Адыгэбзэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыным ехьэлIа щхьэхуэныгъэхэр.

БзэщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъхьапхъэхэр

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэр зыхиубыдэ бзэ лъэпкъхэр. Бзэм и къэкIуэкIэ нэхъыщхьэхэр: литературэбзэр, къызэрыгуэкI псэлъэкIэр, IэщIагъэм епха псалъэхэр, псэлъафэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Литературэбзэмрэ художественнэ тхыгъэхэм я бзэмрэ.

ПсэлъэкIэм и щэн нэхъыщхьэхэр: цIыхур зыхэхуэ гуп елъытауэ жыIэпхъэхэмрэ бзэщIэныгъэхэмрэ. Псалъэр жызыIэм и гупсысэр тэмэму, нахуэу, зэкIэлъыкIуэу, гъэхуауэ, гъэщIэгъуэну къызэрыIуэтапхъэр.

Орфоэпие (къэпсэлъыкIэ) и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэм щызекIуэ хабзэхэр: псалъэпкъыр пычыгъуэ зэIухакIэ е зэхуэщIакIэ иухмэ, ударенэр зытехуэ пычыгъуэр; макъ дэкIуашэ жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ зэбгъэдэту зыхэт псалъэхэм, нэгъуэщIыбзэм щыщу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэм, определенэрэ абы игъэбелджылы псалъэрэ зыхэт псалъэ зэпхахэм я къэпсэлъыкIэр.

Лексикэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъхьэпхъэ щIэныгъэр. Псалъэухам хэт дэтхэнэ псалъэми къикI мыхьэнэ и лъэныкъуэкIэ тэмэму къыхэхауэ къэгъэсэбэпыныр гупсысэр узэщIауэ къэIуэтэным и шэсыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Стилистикэ и лъэныкъуэкIэ псалъэухар гъэхуауэ къызэгъэпэщын папщIэ синоним зэхуэхъу псалъэхэм щыщу гупсысэр нэхъ купщIафIэу къэзыIуэтэф псалъэхэр къыхэхыныр. Псалъэжьхэм, псалъэ шэрыуэхэм жьэрыIуатэбзэмрэ тхыбзэрэ щагъуэтыпхъэ къэгъэсэбэпыкIэр.

Грамматикэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэплъхьэ щIэныгъэр.

ЕкIуныгъэ, зегъэкIуныгъэ зэпхыкIэхэр зи яку дэлъ псалъэ зэпхахэр тэмэму зэрызэхэгъэувапхъэр. Послелог зи гъусэ псалъэхэм, псалъэ зэпхахэм я къэкIуэкIэ тэмэмыр. Псалъэухам хэт псалъэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр. ЗэкIэлъыкIуэкIэ къызэрыгуэкI (прямой) зиIэ псалъэхэр зыхэт псалъэухахэмрэ зэкIэлъыкIуэкIэ зэблэгъэувыкIа (инверсивнэ) зиIэ псалъэухахэмрэ я ухуэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Инверсиер зищIысыр, нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпыр, къэгъэсэбэпын хуей щIэхъу щхьэусыгъуэхэр. Сказуемэмрэ подлежащэмрэ, сказуемэмрэ дополнениемрэ яку дэлъ синтаксическэ зэпхыкIэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Пкъыгъуэ пыщхьэхукIа зыхэт псалъэуха къызэрыкIуэ гъэгугъуахэмрэ псалъэуха гуэдзэ зыхэт псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэмрэ я ухуэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Псалъэуха гуэдзэмрэ причастнэ оборотымрэ синоним зэхуэхъуу бзэм къызэрыщыкIуэр.

Орфографие и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъын хуей щIэныгъэр. Адыгэбзэм и орфографиер зытет принцип нэхъыщхьэхэр (морфологическэ, фонетическэ, условнэ, н.) псалъэ зэпхам хэт псалъэхэр зэпыту//зэпыхауэ тхыным и Iуэхур. ХьэрфышхуэкIэ кърагъажьэ псалъэхэр, псалъэухахэр, ар зэлъытар. Псалъэхэм я ехьэкIыкIэр. Макъ дэкIуашэ пIытауэ тIу зэбгъэдэту узрихьэлIэ псалъэхэм я тхыкIэр. Макъ дэкIуашэ **у**-м и ужькIэ, префикс **р**-м и пэкIэ макъзешэ **ы** тхын//мыхыным и Iуэхукlэ.

Пунктуацэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъыпхъэ щIэныгъэр. Адыгэбзэм и пунктуацэм къызэщIиубыдэ хабзэ нэхъыщхьэхэр. Псалъэухам и кIэм ягъэув нагъыщэхэр. Псалъэуха гъэгугъуам и кIуэцIкIэ щагъэув нагъыщэхэр. Псалъэуха зэхэлъым и кIуэцIкIэ щагъэув нагъыщэхэр. Псалъэ занщIэ зыхэт псалъэухам и кIуэцIкIэ щагъэув нагъыщэхэр. Абзацыр зищIысыр, къыщагъэсэбэпыр.

Адыгэ псалъалъэхэм я лIэужьыгъуэхэр: орфографическэ, этимологическэ, толковэ, фразеологическэ псалъалъэхэр, урыс-адыгэ, адыгэ-урыс псалъалъэхэр. Абыхэм ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр, ахэр къыщагъэсэбэп, къызэрагъэсэбэп щIыкIэхэр.

Лъэпкъым и хабзэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр бзэ и лъэныкъуэкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъум ехьэлIауэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъыпхъэ щIэныгъэр

Бзэр зыIурылъ лъэпкъым и дуней тетыкIэр, дуней еплъыкIэр, и гупсысэкIэр, къыдэгъуэгурыкIуэ лъэпкъ хабзэр и бзэм къызэрыхэщыр. Адыгэ унагъуэм, адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI хьэпшыпхэмрэ зэрихьэ Iуэхухэмрэ къэзыгъэлъагъуэ (къызэрыкI) псалъэхэр. Зэгуэрым лъэпкъым къигъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр къызэрыкI псалъэхэр (историзмхэр).

IуэрыIуатэм и бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Адыгэбзэм и фразеологиер. Адыгэ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ. АдыгэцIэхэмрэ адыгэ унэцIэхэмрэ.

Адыгэхэм Iуэху зыхуаIэу щыта е щыт нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэр, ахэр адыгэхэм къагъэсэбэпын хуей щIэхъуар. Адыгэбзэм щыщу нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэм хыхьа псалъэхэр. Адыгэхэм я гъунэгъу лъэпкъхэм я хабзэхэр, дуней тетыкIэр, гупсысэкIэр адыгэбзэм къызэрыхэщыр.

Адыгэбзэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыбзэхэм ящыщ зыщ. Ар еджак1уэм нэсу зэрищ1эм, и бзэм, гъащ1эм къызэрыщигъэсэбэпыфым куэдк1э елъытащ псынщ1эурэ зызыхъуэж гъащ1эм щигъуэтыну ехъул1эныгъэхэр. Абы и лъэныкъуэк1э инщ адыгэбзэр егъэджыным и мыхьэнэр. Еджак1уэм дуней псор зэрилъагъур, зэрызыхищ1эр къыдалъхуа и анэбзэрщ. Апхуэдэу щыщытк1э, а бзэм и щэху нэхъыбэ ищ1эхук1э, и акъылми, гупсысэми зеужь.

Епщык1узанэ классым адыгэбзэр щегъэджыным къалэну къегъэув:

- къабзэу псэлъэнымк1э, тхэнымк1э, гъэхуауэ къеджэнымк1э я1э зэф1эк1хэмрэ есэныгъэхэмрэ хэгъэхъуэныр;
- Псалъэм и къарур зыхащ1эу, дэтхэнэ зы псалъэри къыхахыфрэ къагъэсэбэпыфу гъэсэныр;
- Иджырей бзэщ1энымгъэм щыщу гуры1уэныгъэ еянэ классым ехьэл1ахэр, абы ипэк1э яджахэр кууэ егъэщ1эныр, бзэм гъащ1эм щи1э мыхьэнэшхуэм, бзэм и зыужьык1эм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм щыгъэгъуэзэныр.
- Я логическэ гупсысэк1эм зегъэужьыныр:
- Бзэр къулеягъэ ину зэрыщытыр, ар лъэпкъым и псэу, и дунейуэ зэрыщытыр зыхегъэщ1эныр;
- Ц1ыхугъэм, гущ1эгъулыныгъэм хуэгъэсэн, нэгъуэщ1 лъэпкъ культурэхэм, динхэм шы1энымгъэрэ зыхэщ1ык1рэ хуа1эу гъэсэныр
- Иджыпсту щы1э информационнэ къулеягъым хэплъэфу, зыхуейр хуэ1эзэу къагъэсэбэпыфу егъэсэныр.

Адыгэбзэр егъэджыныр къызэгъэпэщыпхъэщ компетентностнэ (лъэк1ыныгъэхэм зезыгъэужь) бгъэдыхьэк1эм тету. Абы тещ1ыхьауэ еянэ классым зыщаужь:

- коммуникативнэ (зэрызэгуры1уэ, зэрызэпыщ1а) компетенцэхэм,
- лингвистическэ (бзэщ1энымгъэ) компетенцэхэм,
- культуроведческэ компетенцэхэм.

Епщык1узанэ классым щадж темэхэм къыдэк1уэу еджак1уэхэм академическэ грамматикэм и 1ыхьэ куэдыр нэхъ кууэ ядж, абы къыхэк1ыу 1эмал имы1эу езыр-езыру ялэжьхэр, творческэ проектхэр, бзэм теухуа къэхутэныгъэхэр нэхъыбэу хэгъэхьапхъэщ.

Зэреджэну тхылъыр –Унэл1окъуэ В.Хь.,Щоджэн А.Т, «Адыгэ тхыбзэ», 10 - 11 класс, Налшык, «Эльбрус» 2025 гъ.

Апхуэдэу къагъэсэбэпыпхъэщ Джаурджий Хь.З. и «Орфографиемрэ пунктуацэмк1э лэжьыгъэхэр»

Егъэджак1уэм къигъэсэбэп методическэ лэжьыгъэхэр:

1. Балэ Л.Ф. Изложенэхэмрэ сочиненэхэмрэ. 5-11 кл. Налшык «Эльбрус», 2008.
2. Джаурджий Хь.З.,Дзасэжь Хь.Е. Адыгэбзэ,1-2 1ыхьэхэр, Налшык,1992.
3. Урыс Хь.Щ., Зэхъуэхъу Я.Хь. «Адыгэбзэ пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувык1эмрэ я хабзэхэр». Налшык «Эльбрус», 2005.
4. Бэрбэч Б.Ч., Бищ1о Б.Ч., 1ут1ыж Б.Къу. «Адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэ». Налшык «Эльбрус», 2001.
5. Джаурджий Хь.З. «Адыгэбзэ орфографием зэрыхурагъаджэ методикэ».
6. Джаурджий Хь.З., К1эрэф М.Ж. «Синтаксисымрэ пунктуацэмк1э лэжьыгъэхэр». Налшык «Эльбрус», 1975

Джаурджий Хь.З. «Адыгэбзэ пэжырытхэмк1э лэжьыгъэхэр». Налшык «Эльбрус», 1998гъ.

№	Разделыр	Яджыну темэхэр	Сыхьэт бжыгъэр	Щаджы ну зэманыр	Щаджа зэманыр
1	**Бзэмрэ обществэмрэ**	Бзэмрэ обществэмрэ Бзэмрэ хабзэмрэ	**1**		
2-3		Зыщыщ лъэпкъ елъытауэ ц1ыхум и гупсысэк1эр,псалъэк1эр	2		
4	**Морфемэр. Псалъэм и къэхъук1эхэр**	Псалъэм и зэхэтык1эр	**1**		
5		Адыгэбзэм и псалъэ къэхъук1эхэр	**1**		
6		**Къыз эрапщытэ диктант**	**1**		
7		Щыуагъэхэм елэжьыжын	**1**		
8-9		Псалъэ лъабжьэмрэ аффиксхэмрэ.Псалъэпкъыр	2		
10-11		Псалъэпкъ къызытехъук1рэ къызытемыхъук1рэ	2		
12-13		Иджырей Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм псалъэхэр къызэрыщыхъу щ1ык1эхэр	2		
14-15		**Къыз эрапщытэ диктант** Щыуагъэхэм елэжьыжын	2		
16	**Морфологие**	Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр	**1**		
17-18		Щы1эц1эм и мыхьэнэр.Щы1эц1эм и бжыгъэхэмрэ грамматическэ щытык1эхэмрэ	**2**		
19-20		**Изложенэ**	**2**		
21-23		Щы1эц1эхэм я падежхэр,склоненэ л1эужьыгъуэхэр	3		
24		**Проект лэжьыгъэ**	**1**		
25		Морфологическэ зэпкърыхыныгъэ	**1**		

26-27		**Къызэрапщытэ диктант** Щыуагъэхэм елэжьыжын	**2**		
28		Плъыфэц1эр	**1**		
29-30		Плъыфэц1эм и къэхъук1эр	**2**		
31		Морфологическэ зэпкърыхыныгъэ	**1**		
32		Бжыгъэц1эр.Бжыгъэц1э л1эужьыгъуэхэр	**1**		
33		Бжыгъэц1эхэр зэратх щ1ык1эхэр	**1**		
34		Морфологическэ зэпкърыхыныгъэ	**1**		
35-36		Ц1эпапщ1эр.Ц1эпапщ1э л1эужьыгъуэхэр	**2**		
37		Ц1эпапщ1эхэм я склоненэр	1		
38		Ц1эпапщ1эхэм я тхык1эр	**1**		
39		Морфологическэ зэпкърыхыныгъэ	**1**		
40-41		**Сочиненэ**	**2**		
42		Глагол	**1**		
43-44		Глаголым и морфологическэ,синтаксическэ щытык1эхэр	**2**		
45		Причастие	**1**		
46		Деепричастие	**1**		
47		Деепричастием и къэхъук1эр			
33		Деепричастием зэманк1э зэрызихъуэжыр	**1**		
34-35		Наречие	**2**		
36-37		Послелог	**2**		
38		Союз	**1**		
39		Частицэ	**1**		
40		Междометие.Междометие л1эужьыгъуэхэр	1		

41	**Синтаксисымрэ пунктуацэмрэ**	Синтаксисымрэ пунктуацэмрэ Псалъэ зэпхар	**2**		
42-43		Псалъэуха къызэрык1уэхэр	**2**		
44		Псалъэухам и пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэр	**1**		
45		Проект лэжьыгъэ	**1**		
46-47		Псалъэухам и пкъыгъуэхэр	**2**		
48		Пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэр	**1**		
49-50		Зэрызыхуагъазэ псалъэр	**2**		
51-52		Вводнэ(хэзышэ) псалъэхэмрэ псалъэухахэмрэ	**2**		
53-54		Псалъэуха зэхэлъ-зэгъусэхэр	**2**		
55-56		Псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэр	**2**		
57-58		Союзыншэ псалъэуха зэхэлъхэр	2		
59-60		**Къызэрапщытэ диктант** Щыуагъэхэм елэжьыжын	**2**		
61		Псалъэухар синтаксиск1э зэпкърыхыныгъэ	**1**		
62-63	**Стилистикэмрэ бзэм и къабзагъымрэ**	Бзэм и стилхэр Функциональнэ стилхэр	**2**		
64-65		Бзэм и къабзагъыр	**2**		
66-67		**Изложенэ**	**2**		
68		Гъэ псом яджар къызэщ1экъуэжын	**1**		

Епщык1узанэ классым щеджэ еджак1уэм оценкэ зэрыхуагъэув щ1ык1эхэр:
Жьэры1уатэ жэуапхэм:

Грамматикэмк1э жьэры1уатэу къат жэуапым хуагъэув оценкэр

«**5**» ягъэув, еджак1уэм къызыхуэтыншэу ик1и тэмэму темэр къызэпкърихыфмэ, абы теухуауэ щапхъэ къыхуэхьмэ, езыр-езыру грамматическэ зэпкърыхыныгъэ иригъэк1уэк1ыфмэ, жи1эну зыхуейр бзэ гуры1уэгъуэк1э, дахэк1э къыхуэ1уатэмэ.
«**4**» ягъэув, темэр тэмэму къыгуры1уамэ, ауэ жэуапым е къызэри1уатэ бзэм щыуагъэ мащ1э дыдэ хэту щытмэ, а щыуагъэхэри жра1эжа нэужь, езым къыхигъэк1ыжыфу, зэригъэзэхуэжыфу щытмэ.
«**3**» ягъэув, темэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр зэрищ1эр и жэуапым хэплъагъуэмэ, зыгъэгъуазэ упщ1эхэмк1э и щыуагъэхэр хузэгъэзэхуэжыфмэ.
«**2**» ягъэув, грамматическэ материалым и нэхъыбэр имыщ1эмэ, зыгъэгъуазэ упщ1эхэмк1э жэуапыр къыхуэмыгъуэтмэ.
«**1**» ягъэув, къапщытэж материалым зыри хэзмыщ1ык1 ик1и къызыгурымы1уэ еджак1уэм.

Тхыгъэ лэжьыгъэхэм

Изложенэхэм, сочиненэхэм хуагъэув оценкэхэр
Изложенэм и текстыр 11 классым (ику иту къапщтэмэ), - псалъэ 400-450 хъууэ къыхах. 11 классым ятх сочиненэм и инагъыр тетрадь напэк1уэц1-5,0-6,0 хъун хуейщ.
Сочиненэхэмрэ изложенэхэмк1эрэ къапщытэ:
1) темэр къызэрызэк1уэц1ихыфымрэ абы щхьэк1э бзэм и къулеягъыр къызэригъэсэбэпыфымрэ;
2) грамматикэм и нормэхэмрэ пэжырытхэм и хабзэмрэ 1эзэу зэрищ1эр.

Диктантхэм хуагъэув оценкэр

Диктантым и текстыр еджак1уэхэм я дежк1э зэхэщ1ык1ыгъуэу, литературэбзэ тэмэмк1э тхауэ щытын хуейщ.
«**5**» ягъэув, орфографическэ щыуагъэ е пунктуационнэ щыуагъэ 1 ф1эк1 хэмытмэ.
«**4**» ягъэув, орфографическэ щыуагъэу 2-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 2-рэ е орфографическэ щыуагъэу
1-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 3-рэ, е орфографическэ щыуагъэу 3 хэтмэ, ахэр зы л1эужьыгъуэу щытмэ.
«**3**» ягъэув, орфографическэ щыуагъэу 4-рэ пунктуационнэу 4-рэ, е орфографическэу 3-рэ пунктуационнэу 5 хэтмэ, е орфографическэ зыри хэмыту пунктуационнэу 7 хэтмэ, е орфографическэу 5-рэ пунктуационнэу 4-рэ хэтмэ.
«**2**» ягъэув, орфографическэ щыуагъэр 7-м, пунктуационнэ щыуагъэр 7-м ф1эк1мэ е орфографическэу 6-рэ пунктуационнэу 8-рэ, орфографическэу 5-рэ пунктуационнэу 9-рэ , орфографическэу 8-рэ п пунктуационнэу 6-рэ хэтмэ.
«**1**» ягъэув «**2**»-м папщ1э къэгъэлъэгъуа бжыгъэм щ1игъуу щыуагъэхэр зыхэт диктантым.

Грамматическэ лэжьыгъэ зыщ1ыгъу диктантым оценкэу т1у ягъэув, зыр текстым, адрейр лэжьыгъэм папщ1э. Грамматическэ лэжьыгъэм оценкэ щыхуагъэувк1э мыбы ирогъуазэ:
«**5**» ягъэув, еджак1уэм лэжьыгъэ псори тэмэму игъэзащ1эмэ;
«**4**» ягъэув, лэжьыгъэм и 1ыхьэпл1анищым нэхърэ мынэхъ иащ1эр пэжу игъэзэщ1амэ;
«**3**» ягъэув, лэжьыгъэм и 1ыхьэ ныкъуэм нэхърэ мынэхъ мащ1эр пэжу игъэзэщ1амэ;
«**2**» ягъэув, лэжьыгъэм и нэхъыбэр пэжу имыгъэзэщ1амэ;
«**1**» ягъэув, зы лэжыгъи имыгъзэщ1амэ.